

**Лъэпкъыр зыгъэпсэу IэщIагъэхэр**

2-нэ нап.



**«Махуэку»**

3-нэ нап.



**Зи хъуэпсапIэхэр зэзыгъэхъулIэф**

4-нэ нап.



**ДэрэжэгъуэкIэ яхуоупсэ**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№100 (25.006) ● 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

# Пхъэидзэм кърикIуахэр



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм дыгъуасэ щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм хэтыну политикэ партхэмрэ щхьэзакъуэ кандидатхэмрэ республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ къызэрыщыпсэлъэну чэзур, газетхэм я тхыгъэхэр къызэрытрагъэдзэну зэкIэлъыкIуэкIэр зыгъэбелджылы пхъэидзэр.**

- ПХЪЭИДЗЭР идогъэкIуэкI Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным теухуа федеральнэ законым ткIийуэ дытету. Къыхэзгъэщынщи, хабзэм псоми зэхуэдэ дыдэу яхуегъэбелдлжылы эфирымрэ печать къыдэкIыгъуэхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр къызэрыщагъэлъэгъуэнур, - жиIащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав.

«Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм политикэ партхэмрэ кандидатхэмрэ я тхыгъэхэр пщIэншэу къыщытехуэну махуэхэр пхъэидзэкIэ зэрытрагуашэр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Джаппуев Мусса и нэIэм щIэту екIуэкIащ.

Пхъэидзэм кърихьэлIащ политикэ парти 10-м - КПРФ, «Новые люди», «Урысей зэкъуэт», ЛДПР, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей», «Урысейм и коммунистхэр», «Социальнэ захуагъэм и телъхьэ пенсионерхэм я урысей парт», «Хэку», «Демократием и хабзэм тет парт», «ЩхъуантIэхэр» партхэм - я лIыкIуэхэмрэ хэхыныгъэхэм хэтыну зыкъэзыгъэлъэгъуа кандидати 6-рэ.

ФокIадэм и 18 - 20 махуэхэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэр къэсыху, политикэ партхэмрэ кандидатхэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр цIыхухэм я деж нахьэсын папщIэ, чэзууэрэ газет напэкIуэцIхэм къытрадзэнущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Индекс**

# Нэгъабэ елъытауэ

**2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр процентти 110,3-рэ хъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.**

ПСОМ хуэмыдэу хэхъуэ къагъэлъэгъуащ промышленнэ продукцэ къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжьхэмрэ - процентти 110,1-рэ. Мыбдежым, зэфIэкIхэр щаIэщ ерыскъы, химие, машинэухуэ, гъущIым елэжь, нэгъуэщI IэнатIэхэми.

Къищынэмыщlауэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм я индексыр процентти 121,7-рэ хъуащ. ЭлектрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм процентти 108,4-рэ къагъэлъэгъуащ 2025 гъэм и щIышылэм - мэкъуауэгъуэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

**КЪУЭШ Жэмал.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал худэчых зиIэ пенсионерхэм ящыщу мин 20-м щIигъум социальнэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр щыхуащIэ. Псалъэм къыдэкIуэу, хущхъуэхэмрэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ, санаторэхэмрэ курортхэмрэ зэрыщыIам, зэрыкIуа-къызэрыкIуэжа транспортым текIуэда гъуэгупщIэм я уасэхэр ирагъэтыркъым, нэгъуэщIхэмкIи зыщIагъакъуэ.**

# ДэIэпыкъуныгъэхэм щагъащIэркъым

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, социальнэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэм я пIэкIэ пенсионерхэм ахъшэ къыIах хъунущ е Iыхьит1 иращIыкIми хъунущ: языныкъуэхэр пщIэншэу зыхурагъащIэу адрейм ахъшэ къапэкIуэу ящIыну Iэмал яIэщ. Абы щхьэкIэ зыхуагъэзэн хуейщ УФ-м и Соцфондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм.

Къищынэмыщlауэ, республикэм и унагъуэшхуэхэм етхуанэ е абы къыкIэлъыкIуэ сабийр къахэхъуамэ, щIыналъэ анэ капиталыр е зэ тыгъуэу хуагъэув социальнэ дэIэпыкъуныгъэр къыIах хъунущ, я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ.

Ахъшэм и куэдагъ хъунур елъытащ сабийр къыщалъхуа пIалъэм. Псалъэм папщIэ, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ дунейм къытехьа цIыкIухэм папщIэ сом мин 500 ятынущ, 2008 - 2023 гъэхэм къалъхуахэм папщIэ - сом мин 250-рэ.

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу апхуэдэ Iуэхутхьэбзэм и серитификатхэр иратащ унагъуэшхуэу 113-м. Абыхэм ящыщу унагъуэ 72-м ахъшэр къыIахакIэщ, псори зэхэту сом мелуан 32,2-рэ. Ар халъхьэ хъунущ псэупIэ къащэхунум и уасэм е яухуэ унэм, псэупIэм щхьэкIэ ятелъ кредитым, къащта ипотекэм хуэкIуэ щIыхуэхэр ирагъэмэщIэнуи хуитщ.

**ЗЭКIУРЕЙ Ислъам.**

# Зэманым декIуу

**Иужьрей лъэхъэнэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ди къэралым хэпщIыкIыу зыщаужьыжу хуежьащ мэкъумэш, промышленнэ IэнатIэхэм. Лъэпкъ экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хыхьэ а Iыхьэхэм куэд елъытащ гъащIэр нэхъ тынш, цIыхур зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэща хъунымкIэ. А Iуэхум хуолажьэ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ программэхэмрэ проект купщIафIэхэмрэ.**

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, «АПК-м папщIэ IэщIагъэлIхэр» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, къэралым и курыт еджапIэхэм нэгъабэ лъандэрэ къыщызэIуах мэкъумэш-технологие классхэр. АПК-м зегъэужьыным хуэгъэпса къэрал стратегием и зы Iыхьэу щыту, класс нэхъыжьхэм къыщызэрагъэпэщ апхуэдэ гупхэр сэбэпышхуэ хъунущ зи гъащIэр адэкIэ мэкъумэшым е техникэм ирапхыну мурад зыщIа ныбжьыщIэхэр а IэщIагъэхэм хуэгъэхьэзырынымкIэ. Апхуэдэу а проектым и мурад нэхъыщхьэхэм хохьэ мэкъумэш лэжьакIуэхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыныр, а IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр.

Мы зэманым зыужьыныгъэм и гъуэгум теувэж АПК-р, пэжу, хуэныкъуэщ агрономхэм, зоотехникхэм, ветеринархэм, инженер-робототехникхэм, биохимикхэм, нэгъуэщIхэми. Лэжьыгъэхэм я нэхъыбапIэр технологие лъагэхэм япыщIа щыхъу лъэхъэнэм ахэр фIагъ лъагэ иIэу икIи дунейпсо мардэм хуэкIуэу зэфIэзыхыфын IэщIагъэлIхэр хозяйствэхэм яIэныр Iэмалыншэ хъуащ. А псори я тегъэщIапIэу ди курыт еджапIэхэм къыщызэрагъэпэщ мэкъумэш-технологие классхэм щеджэхэм Iэмал яIэнущ къыхахыну я мурад IэщIагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, и щэхухэм ящыщ гуэрхэм, иджыри школым щIэсу, щыгъуазэ зыхуащIыну. Еджэныр тэмэму къызэхъулIэ ныбжьыщIэхэм а унэтIыныгъэмкIэ школым щызрагъэгъуэта щIэныгъэр (абыхэм нэхъ кууэ яджынущ биологиер, химиер, физикэр, математикэр) сэбэпышхуэ къахуэхъужынущ еджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэтIысхьэкIи абы и студент хъуа нэужьи. НыбжьыщIэхэм мэкъумэшым теухуа теорием къыдэкIуэу, хозяйствэхэм практикэ къыщыхуагъэлъэгъуэнущ. Абы хеубыдэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI мэкъумэш IэнатIэхэм щыIэ лабораторэхэми, хуабэщхэми, губгъуэхэми щылэжьэныр, апхуэдэуи щIэныгъэ-къэхутэныгъэ проект зэмылIэужьыгъуэхэм хэтыныр, щIэныгъэ зэхуэсхэм къыщыпсэлъэныр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдиз гъунапкъэ къызэщIэзыубыдэ «АПК-м и IэщIагъэлIхэр» проектым илъэс етIуанэ хъуауэ хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Абы ипкъ иткIэ гъэзэщIа хъуащ мэкъумэш IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ IуэхущIапIэхэр иджырей техникэрэ технологие пэрытхэмкIэ къызэгъэпэщыным, мэкъумэш классхэр курыт еджапIэхэм къыщызэIухыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр. КъинэмыщIауэ, мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыжыныр я мураду, ди щIыналъэм щокIуэкI а IэщIагъэм и пщIэр къэIэтыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Абы и щапхъэщ Бахъсэн, Май, Тэрч районхэм я курыт школхэм къыщызэIуаха мэкъумэш класси 4-р. Гъэ еджэгъуэ блэкIам абыхэм щIэныгъэ щызрагъуэгъуэтащ ныбжьыщIи 150-м нэсым.

Дызытехьэ 2026 - 2027 гъэ еджэгъуэми а Iуэхум адэкIи пащэнущ. Мэкъумэш-технологие классхэр къыщызэIуахынущ ди республикэм и Аруан, Бахъсэн, нэгъуэщI щIыналъэхэм. Къапщтэмэ, Бахъсэн районым къыщызэIуахынущ апхуэдэ гупитI. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм диIыгъыу, «АПК-м папщIэ IэщIагъэлIхэр» проектым иткъ иткIэ классхэм еджэныгъэр щаублэнущ Бахъсэненкэ къуажэм дэт курыт школ №3-мрэ Псыхъурей жылэм дэт курыт еджапIэмрэ. ИпэкIэ къызэIуахауэ щытауэ Кыщпэкрэ Кубарэ дэт курыт школхэм щыIэ классхэм лэжьыгъэм мы гъэ еджэгъуэми щыпащэнущ. А гупхэм яфIэфIу щоджэ ныбжьыщIэ пщIы бжыгъэхэр, иджырей мэкъумэш технологиехэр къагъэIурыщIэу, техникэ пэрытхэр я Iэдэжу.

Мы махуэхэм классыщIэ къыщызэIуахыну траухуа еджапIэхэм пэш хэхахэр щыгъэхьэзыныр и кIэм нос. Мыгувэу а школхэм яIэрыхьэнущ еджэным къыщагъэсэбэпыну техникэ хэхахэр, унэлъащIэхэр. Дызэрыт зэманым декIу апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр, шэч хэмылъу, сэбэп хуэхъунущ мэкъумэш IэнатIэм зиужьыжыным, абы епха IэщIагъэхэм пщIэ ягъуэтыжыным.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Хъыршын щIынымкIэ Хьэсэней щызэпеуэрт

**Налшык и «Долинск» хьэблэм щыIэ «Хьэсэней» стадионым шыщхьэуIум и 15 - 16-хэм щекIуэкIащ балъкъэр хъыршын нэхъыфI гъэхьэзырынымкIэ чемпионат. Ар къызэригъэпэщащ Хьэсэней щIыпIэ администрацэм, КъБР-м и Правительствэр и дэIэпыкъуэгъуу.**

ХЪЫРШЫН шхыныгъуэр нэхъыфIу пщэфIынымкIэ зэпеуащ «Дудукуш», «Тамга», «Идарей» (Аушыджэр), «Азимут», «Джамиля» ресторанхэм, «Столица», «Анисе» (Гуэл щхъуантIэхэм), «Фазенда» (ЗеикIуэ), «Балкарские хычины» (Черкесск къалэ), Балъкъэр Ипщэ къуажэм и «Караван», «Жасмин», «Балкария» шхапIэхэм, а жылэм дэт «Жангуразовхэ я хьэщIэщ» унэм я пщафIэхэр. КъэпщытакIуэ гупым мыхэр фестивалым хэтыну къыхахащ, ерыскъыгъуэхэм я фIагъым еплъа нэужь.

КъинэмыщIауэ, чемпионатым хыхьэу зэпеуэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ, балъкъэр хъыршыныр фIыуэ щIалъагъумрэ абы ехьэлIа зэпеуэм щыпэплъэмрэ теухуа нэтын нэхъыфIымкIэ.

Махуэшхуэм хыхьэу къызэрагъэпэщащ концертхэр, зэпеуэхэр, жармыкIэхэр, ресторанхэм я шхыныгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, цIыхубэ IэпэIэсэхэм я IэрыкIхэм я выставкэхэр, мастер-классхэр.

ЦIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэу, дизайнерхэу Мокаевэ Лианэ, Магомедовэ Лейлэ, Султановэ Наталье, Герельчук Александр, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр удэзыхьэхт. Бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIугъэнэхэр, чысэхэр, къэлътмакъхэр, бохъшэхэр, щхьэнтэхэр, цыкIэ зэIуща фэилъхьэгъуэхэр, хьэпIацIэщыгъэкIэ бла лэжьыгъэхэр, пхъэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, унэлъащIэхэр, нэгъуэщIхэри гъэщIэгъуэнт. Мыбдежи щынэрылъагъут IэкIэ ящIа хьэпшыпхэм сыт щыгъуи щIэупщIэ зэраIэр.

Концертыр махуитIым ирагъэкIуэкIащ Теппев Ахъмэт, Борисевич Екатеринэ, Аттаев Азнор, Къэзан Марьянэ сымэ. Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэу Зеущэ Iэуес, Жаникаев Эльдар, Холамханов Къайсын, Хъусин Анзор, Мэзыхьэ Анастасие, Къэзан Марьянэ, Уэлджыр Миланэ, Бгъэжьнокъуэ Маринэ, Джамалдинов Нурлан, Байсултановэ Инарэ, Чабдаровэ Алёнэ сымэ, «Насып», «Абзэх», «Басият», «Минги тау» къэфакIуэ ансамблхэм, Соттаев Къанщауэ и цIэр зезыхьэ ансамблым, нэгъуэщIхэми.

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрийрэ Бгы лъагэ геофизикэ институтым и унафэщI Беккиев Мухъутаррэ фестивалым зыкърезыгъэхьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ икIи ехъуэхъуащ мамырыгъэ, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэну. Абыхэм щIагъужащ махуэшхуэр хабзэ дахэ хъуну, гъэ къэс ирагъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр.

Iуэхум зэхуишэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, гъунэгъу щIыналъэхэм, Урысейм щыщ цIыху мин бжыгъэхэр. ЖыпIэнурамэ, зэхыхьэм цIыкIуи ини зэкъуигъэуват. Нэгъабэ еплъытмэ, фестивалым цIыху нэхъыбэ къекIуэлIауэ къалъытащ. Мы гъэм абы цIыху мин 32-м щIигъу хэтащ. Зэхыхьэм хъыршын мин бжыгъэхэр щагъэхьэзыращ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Идарей» шхапIэм и лэжьакIуэхэм а махуэхэм ягуэшащ хъыршын 1100-рэ. ПщафIэ пщIы бжыгъэхэр зэрытемыгъакIуэу зэпеуащ. Iуэхум хэтащ илъэс куэд хъуауэ Iэзэу пщафIэхэри абы зезыпщыта нэхъ щIалэIуэхэри. Шхыныгъуэр гъэхьэзырынымкIэ Iэзагъэм къыдэкIуэу, ар псынщIэу япщэфIынуи къапэщылът. Тхьэвыр нэхъ мащIэу, абы дэлъыр щыкIэ нэхъыбэу, и инагъыр сантиметр 20-м щыщIэдзауэ 24-рэ хъууэ щытын зэрыхуейр, пщафIэхэм я нэгъуэщI щэхухэр къалъытэу зэхьэзэхуащ. КIэщIу жыпIэмэ, ахэр я теплъэкIи, фIагъкIи къэпщытакIуэхэм ягу дыхьэн хуейт. Чэзум хэт псоми пщафIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр Iуагъэхуэну къапэщылът. Фестивалым щыщIидза япэ сыхьэтым кърит убыдэу хъыршын щэ бжыгъэхэр ягъэхьэзырыну хунэсат. Псом хуэмыдэу ди щIыналъэм и хьэщIэхэм ящыщу мы шхыныгъуэр зымыцIыхухэм ар нэхъ ягу дыхьащ. Дызэсауэ, абы дэлъ кIэртIофымрэ кхъуеймрэ къинэмыщIауэ, мыIэрысэ, апельсин, нэгъуэщI дэлъхьэнхэри ягъэхьэзыращ. Хъыршынхэм я гуакIуагъым и мызакъуэу, абы щыкIэлъыплъащ лэкъумым, шхум, нэгъуэщI лъэпкъ шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэмрэ IэфIагъымрэ, хьэщIагъэ хабзэм.

Хъыршынхэм я фIагъыр къапщытащ чемпионатым и жюрим хэтахэу КъБР-м и Парламентым и депутат Аккиев Хьэсэн, Кавказым и пщафIэхэм я зэгухьэныгъэм и президент, судья нэхъыщхьэ Чеченов Бисо, пщафIэ Iэзэ Хочуев Альберт, «Долина нарзанов» зыгъэпсэхупIэм и унафэщI Чапаев Ибрэхьим, дохутыр-психотерапевт, каратемкIэ дуней псом и чемпион Атабиевэ Джамиля, «Ашхана» - «Лучшие дети» проектыр къызэзыгъэпэща икIи езыгъэкIуэкI Мокаевэ Гульнарэ, блогерхэу Мэзукъэбз Аслъэнрэ Жылэ Илонэрэ, нэгъуэщIхэри.

Чемпионатым япэ увыпIэр къыщихьащ Балъкъэр Ипщэм щыIэ «Караван» шхапIэм. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэми зэхыхьэм кърихьэлIахэми къалъытащ мы IуэхущIапIэм и пщафIэ Iэзэхэм ягъэхьэзырахэр адрейхэм еим ефIэкIыу. «Караван»-м и лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ зэхыхьэм яфIэфIу зэрыхэтар, я хъыршынхэм я фIагъым хьэщIэхэм я гуапэу зэрырагъэплъар. ТекIуэныгъэ нэхъыщхьэу мы IуэхущIапIэм и пщафIэхэм къалъытар цIыхухэр я шхыныгъуэхэмкIэ арэзы зэрыхъуарщ.

Гран-при саугъэтыр хуагъэфэщащ «Жангуразовхэ я хьэщIэщым». КъэпщытакIуэхэм къалъытащ мы IуэхущIапIэм и пщафIэхэм хъыршыным и гъэхьэзырыкIэр хабзэхэм тету пылъхьэншэу къызэрехъулIар.

«IэпщIэлъапщIэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ налшыкдэс Темукуевэ Iэминэ. Бэшорэхэ я уней IуэхущIапIэм и шхыныгъуэхэр фестивалым щызэхуэсахэм нэхъыфIу къалъытащ.

Зэпеуэм щытекIуахэм сертификатхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ, абы хэта дэтхэнэми гулъытэ хуащIащ. Ахэр къабгъэдэкIащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Хьэсэней щIыпIэ администрацэм, фестивалым и спонсорхэм. Къапщтэмэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ «Медовые водопады» IуэхущIапIэм и унафэщI Боташев Муссэ шы тыгъэ хуищIащ Гран-при саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Жангуразовхэ я хьэщIэщ» IуэхущIапIэм. «Балкария» шхапIэм иратащ «Долина нарзанов» зыгъэпсэхупIэм и путевкитI.

Фестивалыр щхьэпэщ лъэпкъ шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэр хъумэнымкIэ, я щIэупщIэм нэхри хэгъэхъуэнымкIэ, цIыху нэхъыбэм, туристхэм ар егъэцIыхунымкIэ, Кавказым ис хэм я хьэщIагъэ хабзэм хэгъэгъуэзэнымкIэ. Iуэхур щыщщ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным хуэгъэзауэ щагъэзащIэ программэм. ПщафIэхэм я мызакъуэу, мыгъэрей фестивалым хэтащ хамэ къэралхэм (Тыркуменистаным, Таджикистаным, Тыркум, н.) къикIауэ КъБКъУ-м щеджэ студентхэри. КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм къызэрилъытамкIэ, республикэм къыхуеблагъэхэм я бжыгъэм мы гъэм процент 15-кIэ хэхъуащ. Урысейм, хамэ къэралхэм къикIыу зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм мыпхуэдэ фестивалхэр зыхалъхьэ щымыIэу яфIэфIщ. Гуапагъэмрэ хьэщIагъэмрэ я махуэшхуэр къызэзыгъэпэщахэм ар къехъулIауэ къалъытащ икIи гъэ къакIуи абы пащэу нэхри зрагъэубгъуну я мурадщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**





# Я узыфэр щагъэпсынщIэ

**«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «Фошыгъу узым пэщIэтын» къэрал программэм ипкъ иткIэ республикэм щолажьэ а узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм папщIэ еджапIэ 17, абыхэм ящыщу тIур сабийхэм яхуэгъэпсащ.**

2026 гъэр къызэрихьэрэ узыфэм узэрыпэщIэтыну Iэмалхэм хурагъэджащ балигъ 3897-рэ, сабийуэ 654-рэ. Фошыгъу узыр зыпкърыт сымаджэм щIэх-щIэхыурэ эндокринологыр зригъэплъкIэ, лъым хэлъ фошыгъур кърикIэ зэфIэкIакъым. Абы Iэмал имыIэу ищIэн хуейщ фошыгъу узыр зищIысыр, ар зэрызэщхьэщидз лIэужьыгъуэхэр. Дерсхэм сымаджэхэр щыхуагъасэ шхэкIэ тэмэмым и хабзэхэм, лъым хэлъ фошыгъур мащIэмэ е куэдмэ къызэрыпщIэну Iэмал щхьэхуэхэм, абы зихъуэжа иужь щIэн хуейхэм, апхуэдэуи къыгурагъаIуэ физическэ жыджэрагъым и мыхьэнэр, медицинэ кIэлъыплъыныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрырагъэкIуэкIыпхъэр. Сабий школхэм гулъытэ нэхъ щыхуащI сабийхэм психологие дэIэпыкъуныгъэ зэрыратыным, а узыфэр зыпкърыт я ныбжьэгъухэм къызэрыдекIуэкIыну щIыкIэм.

Мы зэманым республикэм щыщу диспансер кIэлъыплъыныгъэм щIэтщ фошыгъу узыр зыпкърыт сымаджэ мин 23-м щIигъу. Мыбыхэм я узыфэр щагъэпсынщIэным, я псэукIэр нэхъ тынш ящыщIыным хуэунэтIауэ IэщIагъэлIхэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI.

Фошыгъу узым и еджапIэхэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы къыщрат чэнджэщхэр икъукIэ щхьэпэщ узыр зыпкърыт сымаджэхэр зэрыхуэ щытыкIэ зэхуэмыдэхэм мыгужьейуэ къикIынымкIэ, я щытыкIэр хамыгъэтIэсэнымкIэ, IэзэгъуэщIэ къежьэхэм и чэзум щыгъуэзэнымкIэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70, 40-34-32.**

# Лъэпкъыр зыгъэпсэу IэщIагъэхэр

● Жылагъуэ

**Зы лъэпкъи щыIэкъым, зыхэпсэукI дунейм елъытауэ щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэзымыгъэпэщ. ЩIы хъурейм тет лъэпкъыбэм яхэтщ бгылъэхэр зи псэупIэхэри, пшахъуэщIыр зи хэщIапIэхэри, псы Iуфэхэр зи унапIэхэри, губгъуэхэмрэ къумхэмрэ зи лъахэу къэгъуэгурыкIуэхэри. Щхьэж ирихьэкI щыIэныгъэм хуэкIуэу лъэпкъхэм яхузэфIэкIащ дунейм тезыгъэтын, зэфIагъэува щэнхабзэм зыщрагъэужьын щыIэкIэ зэфIигъэувэн.**

АДЫГЭХЭМИ, нэгъуэщI лъэпкъхэм яхуэдэу, я щыIэныгъэм хуэфащэн хуэдиз щэнхабзэ дахащэ къагъэщIащ, я лъэпкъыщхьэм дамыгъэ щыпкъэ хуэхъуу, я цIыхугъэм фащэ нэсу къытещу. Сыт хуэдиз IэщIагъэ адыгэхэм къадемыкIуэкIами, щыIэныгъэр дахагъэкIэ зыузэд, цIыхур гупсысэкIэ зыузэщI, щIэныгъэр лъагъуэбзу зэхэзыгъэкI купщIэкIэ гъэнщIащ. Аращ ахэр мыкIуэдыж зыщIыр, цIыхухэм къезыгъэлъыхъуэр, иджырей гъащIэм къыхэмыхьэжынкIэ Iэмал имыIэу зыщIыр.

Зы илъэс тIощIырыпщI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, дыщэидэм и щэхухэр зыщIэж бзылъхугъэу къытхуэнэжар мащIэ дыдэт. IэщIагъэм псэ къыIукIэжащ къэралым и гъунапкъэхэр зэIукIыу ди лъэпкъэгъухэр къытхыхьэжыну Iэмал зэрагъуэту. Хэкурыс нанэ Iумахуэхэм я адыгэбзэр и тебзэу, къэкIуэжахэм къыздахьыжа IэщIагъэр и щIэбзэу дыщэидэр етIуанэу дунейм къытехьэжащ. Ар къэгъэнауэ, дыщэидэм, уагъэм, щагъэм и щэху куэд дыдэр нэрылъагъу зыщIыну пасэрей фащэхэр, хьэпшыпхэр, IэщIагъэхэр куэдым къызыкъуахыжащ.

Арджэныр кIуэдыным зымащIэ дыдэт иIэжыр, абы и щэхухэр къэзыхутэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр дунейм къытехьэу, и щIыкIэм щыхурагъасэ гупхэр къэунэхуу щыхуежьам. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэ арджэнри гъащIэм къыхыхьэжащ. Апхуэдэщ адыгэ уанэм, шы IэпслъэпсхэмI, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ щыIэ щIэныгъэхэри. Зэгуэр зэрыКавказу щыцIэрыIуэу щыта IэщIагъэлIхэр дунейм щехыжым, куэдым я гугъэт къагъэна щIэиным IэщIагъэри дэкIуэдыну. Ауэ гъукIэгъэсэнхэр щыIэу къыщIэкIри, зи гъащIэр а IэнатIэм езыпхахэр мымащIэу лъэпкъым къыхэкIащ. Нобэ зы адыгэ джэгуи зэхыхьэркъым, адыгэ фащэм пкърылъын хуей псомкIи къызэмыгъэпэщауэ: адыгэ цIыхубз фащэхэр дыщэидэм къегъэлыд, уагъэмрэ щагъэмрэ къагъэдахэ; адыгэ цIыхухъу фащэхэр хьэзыр Iупэхущ, бгырыпх Iубзэщ, къамэмрэ сэшхуэмрэ зыгъэбжьыфIэщ.

КъызыхэхъукIа адыгэ дунейм я лIыкIуэщ, я джэрпэджэжщ лъэпкъ IэщIагъэхэр. Ахэр щымыIэнкIэ Iэмал имыIэу зыщIыр цIыхубэм я зэхэщIыкIым гуэх имыIэу и зы пкъыгъуэу зэрыщытырщ, лъэпкъ щIэжым и хъумакIуэ зэрыхъурщ. Арагъэнущ лъэпкъ IэщIагъэхэр зи гъащIэм щыщ хъуахэм я зэIущIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, щIэнIуатэхэр адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм щIэхщIэхыурэ къыщIыщызэрагъэпэщыр, уеблэмэ махуэщI хэхахэр лъэпкъ махуэгъэпсым щIыхагъэувэр. Апхуэдэ зы Iуэхугъуэ дахэ иджыблагъэ Адыгэ Республикэм щекIуэкIащ.

Мейкъуапэ пэмыжыжьэу щыIэ, Мэздахэ фIэщыгъэ щIагъуэр зезыхьэ жыг хадэм махуитIкIэ щызэхэтащ «Уадэм и махуэр» зи махуэгъэпсым хэхауэ къыхэзыгъэунэхукI IэщIагъэлIхэм я гъэлъэгъуэныгъэр. ГъукIэнымрэ адыгэ лъэпкъ IэщIагъэхэмрэ щхьэхуэу хухаха махуэщIыр Адыгейм илъэс етIуанэ хъуауэ щрагъэкIуэкI. ДыщэкIыми, фочыщIэми, шабзэщIыми, лъэпкъ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм епха IэщIагъэлIыми мы гъэм гъэлъэгъуэныгъэм цIыху 30-м щIигъу зэхуишэсащ. Адыгэ Республикэм и мызакъуэу, абы ирихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Абхъазми, Краснодар икIи Ставрополь щIыналъэхэми щыщ IэщIагъэлIхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм зригъэхьэлIащ Адыгэ Республикэм и лIыщхьэ КъумпIыл Мурат. Ар яхыхьащ гъукIэхэм, еплъащ ягъэува кIыщхэм хэт жьэгум гъущIыр зэрыщагъажьэм, сыдж-уадэхэр зэрызэрахьэм, епсэлъылIащ гъукIэхэмрэ фочыщIэхэмрэ. КъумпIылым илъагъур гуапэ зэрыщыхъум и щыхьэтт екIуэкI Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхэщу цIыхухэм зэрепсэлъылIэр, лъэпкъыр къэзыхъумэ Iэмалхэм IэщIагъэхэр зэращыщыр къызэрыхигъэщыр.

- Мэздахэ цIыхушхуэ къызэрыщызэхуэсам, мыбдеж щекIуэкI Iуэхугъуэм мыхьэнэ ирату куэд зэрыщызэхыхьам къегъэлъагъуэ «Уадэм и махуэр» лъэпкъ махуэгъэпсым щхьэхуэу къызэрыхэдгъэщамкIэ дызэрыщымыуар. Зэхыхьэм хэтар ди цIыхухэм я закъуэкъым, абы къэрихьэлIащ ди щIыналъэхэм щыхьэщIэхэри, адыгэ щэнхабзэр фIыуэ зылъагъуу щыпIэ жыжьэхэм къикIахэри. Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм зэкъуигъэувэр ди лъэпкъым и закъуэкъым, абыхэм гъунэгъу зэхуащI къэралым щыпсэу лъэпкъыбэр, зым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ адрейм и дуней лъагъукIэри бей ещI. Дыщыгъуазэщ щэнхабзэ лъапIэныгъэхэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмрэ къэIэтыжыныр къэралым зыхуигъэувыжа къалэнхэм языхэзу зэрыщытым. Ди щIыналъэм къыщыхэтлъхьа мы Iуэхугъуэм зэхигъаплъэр адыгэхэм я закъуэкъым, абдеж дэ Iэмал щыдиIэщ гъунэгъу лъэпкъхэм щыщхэм я IэщIагъэхэми зыщыдгъэгъуэзэну. Щапхъэ дахэу къэсхьыну сыхуейт мы гъэм Якутием щыщхэр къызэрытхыхьар.

КъумпIыл Мурат къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Адыгэ Республикэм узыщрихьэлIэ архитектурэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным, зэфIэгъэувэжыным, абыхэм я мыхьэнэр цIыхубэм зыхегъэщIэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIыр. Абы и щапхъуэу лIыщхьэр тепсэлъыхьащ Мэздахэ деж адыгэ гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр къызытещыж мывэхъунэхэр метр 45-рэ зи лъагагъ дэкIуеипIэхэм деж зэрыщагъэувар, апхуэдэ жэрдэмхэми гулъытэ дяпэкIи зэрыхуищIынур.

Адыгэ Республикэм и лIыщхьэр яхыхьащ арджэныщIэхэми, пасэрей хьэкъущыкъухэр, унэлъащIэхэр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIхэми, кхъуэщыныщIэхэми, макъамэ Iэмэпсымэхэр зи IэдакъэщIэкIхэми.

- Адыгэхэр щэнхабзэ-тхыдэ щIэинышхуэ къызэзынэкIахэм я щIэблэщ. Ар дгъэкIуэдыжыныр къэгъэнауэ, ди щыIэныгъэм зезыгъэужь Iэмалу къэтщтэныр ди пщэрылъщ. Адыгэ Республикэм и пщIэр къэзыIэтыр абы щыпсэу лъэпкъхэм я бзэрэ щэнхабзэкIэ зауэжыну Iэмал яIэщ жытIэу дызэрыпсалъэм и закъуэкъым, ахэр нэрылъагъуу къызытещ Iуэхугъуэхэр гъащIэм зэрыхэтлъхьэми къару иIэщ – зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ещI, экономикэри нэхъ гуащIафIэ дохъу. Фызыпэрыт IэнатIэм апхуэдизкIэ пщIэ иIэщи, ар зэрыжыпIэфын псалъэ щыIэкъым. Срогушхуэ, слъэгъуам гухэхъуэ къызэрызитам къищынэмыщIауэ, щыIэныгъэм дызэрыхэмыкIуэдэжынумкIэ фIэщхъуныгъи къысхилъхьащ. Ауэ сыт хуэдэ IэщIагъэри гъуэгу тетщи, фызытет гъуэгум ар фи закъуэу къыщевмыхьэкIыу, къывдэзыIэтын гъэсэнхэри зэвгъэгъуэт – арaщ ди пщэдейм шэсыпIэ хуэхъур, – жиIащ КъумпIыл Мурат.

Мэздахэ жыг хадэр цIыху кIуапIэщ. Щыхьэрым зэрыпэмыжыжьэм къыхэкIыу, зыплъыхьакIуэхэмрэ зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ папщIэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щащIэ IуэхущIапIэхэр мымащIэу къыщызэIуахащ – мыбдеж хэтщ къэхьэуэ ефапIэхэри, шхапIэхэри, нэгузыужьыпIэхэри, нэгъуэщI куэди. ЦIыхухэр зэрыщыпэкIум къыхэкIыу, къэрал унафэщIхэм щIыпIэм зрагъэужьыну иужь итщ. Апхуэдэу жыг хадэм утыкушхуитI иращIыхьынущ, Iуэхугъуэ пыухыкIахэм телажьэу – зыр спортым теухуауэ щытынущ, адрейри «Нартхэр» эпосым хэт лIыхъужьхэм я скъархэр иту зэрагъэпэщынущ.

ГъукIэхэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэм хэтхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэр дяпэкIэ ящIыну гуращэ зыхуащIа а Iуэхугъуэм толажьэ: сыт хуэдэ жэрдэмри щIэныгъэ хуэныкъуэщ, пэж къелъыхъуэри, абыхэм я зэхэщIыкIыр и лъабжьэу Iуэхур къыдахынущ. Нэхъыщхьэр щIыуэпсыр хъумауэ, адыгэхэм я тхыдэр, щэнхабзэр, IэщIагъэхэр къызыхэщ теплъэгъуэхэм цIыхухэм я зэхэщIыкIыр къиIэту икIи заригъэузэщIу гъэпсынырщ.

«Уадэм и махуэм» кърикIуэдыху щIэныгъэлIхэми щIэнIуатэ гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэу къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Нэгеижь и Iуащхьэ кIэ щыпIэм щIеджэмрэ ар Мэздахэ щIэхъуамрэ епха хъыбархэм, тепсэлъыхьащ нартхэм епха фIэщыгъэ куэд Мейкъуапэ и Iэгъуэблагъэм зэрыщыIэм, абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа Iуэхугъуэхэм тхыдэри щыхьэт зэрытехъуам, и гугъу ящIащ хьэщIэщ хабзэхэмрэ Мэздахэр зыхиубыдэ Абазэхэ лъахэм ар зэрыщызэрахьэу щыта щIыкIэхэмрэ.

Куэдым гъэщIэгъуэн дыдэ ящыхъуащ Краснодар щIыналъэм щыщ зэхуэхьэсакIуэ цIэрыIуэ Твердохлебов Николай и гъэтIылъыгъэхэр. Ар куэд щIауэ дехьэх адыгэ икIи къэзакъ тхыдэмрэ щэнхабзэхэмрэ, абыхэм я лъэужьыр къызытещ хъугъуэфIыгъуэ куэд дыди зэхуихьэсащ. Псом хуэмыдэу хьэлэмэтщ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм лъэныкъуитIми зэрахьа Iэщэ-фащэхэм уахэплъэну. Ахэр щыхьэт нэс тохъуэ «Уадэм и махуэм» хэтахэм я IэщIагъэхэр щIы Iэнэщ Iым къызэримыхъукIар, атIэ адэжьхэм я хабзэхэм тету IэщIагъэхэм зэрызрагъэужьым, абыхэм я жьауэшхуэ къазэрытридзэм.

«Уадэм и махуэм» илъэситI и ныбжьу аращ. МащIэ дыдэщ, ауэ къызэрымыкIуэуи лъэбакъуэшхуэ зыч пIалъэщ, сыту жыпIэмэ ар хуэгъэпсащ адыгэ дунейр хъумэным, абы и кIуэцIкIэ къихъукIа IэщIагъэхэр гъащIэм къыхэшэжыным. ЖэрдэмщIакIуэхэм фIыщIэ яхуэфащащ, хэтахэми заузэщIыну икIи ефIэкIуэну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**



# Мыхьэнэ хэха зиIэ гъуэгухэр

**«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм щаукъуэдий гъуэгу объект инхэм ящыщу 6, псори зэхэту километр 30-м нэблагъэ я кIыхьагъыу.**

КЪЫХЭБГЪЭЩМЭ, ди республикэм нэхъыбэу зытрагъащIэр къэрал мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ а IэнатIэм зегъэужьынымрэщ. Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ Iыхьэ гуэрхэр къыхэхауэ абыхэм емылэжьу, атIэ, шэщIауэ зы гъуэгур и кIыхьагъкIэ зэIузэпэщ щIынырщ.

Псалъэм къыдэкIуэу, мыхьэнэ нэхъ ин зрат апхуэдэ объектхэм хохьэ Шэджэм ЕтIуанэмрэ Булунгурэ зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур. Абы километр 25-рэ и кIыхьагъщ икIи социальнэ мыхьэнэ зиIэ щIыуэпс, турист щIыпIэхэм ухуешэ. ЖыпIэнурамэ, Шэджэм псыкъелъэхэм, «Флай Шэджэм» бгы паркым, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэуи, а гъуэгум зэпещIэ бгылъэ щIыпIэм ис Эльтюбю, Булунгу къуажэхэр.

НобэкIэ лэжьакIуэхэм гъуэгум асфальтыщIэ ирикIуэу тралъхьэ, къэухьхэр щагъэув, уэздыгъэхэри щыпадзэ Эльтюбю дыхьэпIэм деж къыщыщIэдзауэ Булунгу къуажэм и дэкIыпIэм нэсыху. КъызэщIагъэнэхуэну гъуэгум километри 7 и кIыхьагъщ.

Тэрч щIыналъэм щыIэ Хьэмидей къуажэм къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж Бориймрэ Къудеймрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр, а лэжьыгъэхэри и кIэм нагъэблэгъащ: гъуэгухэм асфальтыщIэ тралъхьащ, лъэс лъагъуэхэри къыщыхагъэщхьэхукIащ, уэздыгъэхэри щыпадзащ.

Мыхьэнэ ин зиIэ объектхэм ящыщщ километри 7,6-рэ зи кIыхьагъ Новопавловск – Прохладнэ – Мэздэгу автомобиль гъуэгури. Ар иджыпсту еужьэрэкIыу зыхуей хуагъазэ. Абы къыдэкIуэу, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ а щIыпIэм щыIэ, метр 225-рэ зи кIыхьагъ лъэмыжри. Иджыпсту лэжьакIуэхэм гъуэгум асфальт тралъхьэ, лъэмыжым и пкъыгъуэхэр ягъэбыдэ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэ Малкэ – Ингушли автомобиль гъуэгум Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кисловодск (Нартсанэ) курорт къалэмрэ зэпещIэ икIи къэрал мыхьэнэ абы ират. ЖыпIэнурамэ, илъэс къэс щIыпIэ куэдым къикIа туристхэм мин бжыгъэкIэ зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щызэтрагъэувэж Кавказ Ищхъэрэм и налкъут щIыпIэ телъыджэхэм хыхьэ Джылы-Су щIыуэпс комплексым, псы хущхъуэхэр, псыкъелъэхэр щыкуэдым. Уи Iэгум итым хуэдэу IуащхьэмахуэI уардэр зэрыщыплъагъури уасэншэщ

Абы къыдэкIуэу, а щIыпIэм гъуэгуитI къыщагъэщIэрэщIэж: Чыщбалъкъ къуажэм километри 3,9-рэ зи кIыхьагъ и уэрамымрэ Сэрмакъ жылэм къыпекIуэкI гъуэгумрэ. Мыбыхэм лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ, къэнэжар гъуэгу дамыгъэхэмрэ къэухьхэмрэ щыгъэувынырщ.

Километр 12,7-рэ зи кIыхьагъ Чернэ Речкэ – Благовещенкэ автомобиль гъуэгури объект инхэм яхохьэ. Мыбдежым гъуэгу лъабжьэр щагъэбыдэ, абы къыдэкIуэу, асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ щытралъхьэ.

Зи гугъу тщIа лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсмэ, республикэм и гъуэгу инфраструктурэр ефIэкIуэнущ, экономикэми хэхъуэ иIэнущ, туризм IэнатIэм и зыужьыныгъэми IэмалыщIэхэр игъуэтынущ, щыжаIащ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм.

**ЗЭКIУРЕЙ Ислъам.**

# Зэпэжжыжьэр нэхъыфIщ

**Дызытес ЩIы Хъурейр зэкIэрэхъуэкI Дыгъэр зыхыхьэ Шыхулъагъуэ (Млечный путь) вагъуэ зэрыбынымрэ абы нэхъ къегъэщIылIа Андромедэ галактикэмрэ, зэбгъэдыхьэIуэмэ, къэрикIуэнур зищIысым астрономхэр зыбжанэрэ тетхыхьат.**

АТIЭМИ, уахэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ятеухуа щIэныгъэм къызэрихутауэ, а тIур зы секундэм километри 105-м нэблагъэ къызэранэкIыу зэхуокIуэ. Астрофизикхэр а Iуэхум зригъэгупсысар а галактикитIыр зэгуэр зэрызэхыхьэжынырщ, къэрикIуэнури щхьэлажьэ цIыкIуфэкIуу къалъытэркъым.

ЩIэныгъэлIхэр зэрегупсысымкIэ, а тIур щызэжьэхэуэкIэ, я зэхуакум мафIэ къыдэлыпщIыкIыу, ящыщ вагъуэхэр зэхэткIухьыжу, зыкъом дэкIыу зэщIэупщIыIуа иужькIи зэхэпцIыхьыжрэ зэхэбыдыхьыжу къекIуэкIынущ. Пэжщ, апхуэдэ къэхъун папщIэ, къызэрабжамкIэ иджыри, ику иту, илъэс меларди 3-5 хуэдиз дэкIын хуейщ. АтIэми, астрономхэр, а Iуэхум и зэгъэзэхуэкIэ хъунур я нэгу къызэрыщIагъэувэрэ, къэрикIуэнум иджыпсту щыщIэдзауи йогупсыс.

Канадэм и Онтарио щIыналъэм хыхьэ Торонтэ къалэм къэдза университетым хэт институтым щылажьэ астрономхэм компьютеркIэ зэхалъхьа пщалъэм къызэригъэнэIуауэ, вагъуэхэм ящыщу я нэхъ хьэлъэхэр гъунэгъу щызэхуэхъукIэ, я зэхуаку дэт гравитациер иныщэ мэхъури, къедза я къэухьри а Iуэхум «гъуэжькуий» мыухыжым хедзэ. Уеблэмэ а зэрызехьэр, дызэмысауэ, апхуэдизу шэчыгъуеиIуэщи, «хьэзабышхуэм» хэхуа Iэшэлъашэм зи уэрдыхъу (орбитэ) щызыIыгъыжу алъандэрэ къыщызылъэтыхьахэр зыпэмыплъа «нэджэIуджагъэ» иным хуешэ. Я Iэгъуэблагъэр апхуэдизу зэхэIуэнтIыхьаиIуэ хъунущи, зэманыр къызэрыщекIуэкIынури цIыху къызэрыгуэкIым и нэгу къыщIигъэхьэгъуейщ.

АтIэми, галактикэхэм я деж демыплъэкIми, астрофизикхэр куэд щIащ зэрегупсысрэ хьэрш жыжьэм иугуэша вагъуэ бжыгъэншэхэм ящыщ гуэр ди Дыгъэм и къэухьым къыщыхуэблагъэкIэ къэхъунур зыхуэдэм.

Дыгъэм къедза и Iэгъуэблагъэр зэпIэзэрыт щытыкIэм изыхуфынухэм ящыщщ мыхьэнэ ин зимыIэу къытщыхъункIэ хъуну вагъуэ жьэражьэ цIыкIухэу абы и гъунэгъухэри. Псалъэм папщIэ, нэгъуэщI галактикэхэм «къахэджэлыкIыу» ди дежкIэ къезыIуэнтIэкI дыгъэ цIыкIу «щхьэрыуам» къызэщIигъэхъея, къызэщIигъэста Iэхэлъахэм, къызэрыхэдгъэщащи, ди Дыгъэм гуэпха уафэщIхэр хьэршым алъандэрэ зэрыщызекIуа я гъуэгуанэхэм (орбитэхэм) триIуэнтIыкIынурэ, дызыпэмыплъа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэри ихъуреягъкIэ къыщигъэхъунущ.

Канадэм и астрономхэм вагъуэхэм я зэбгъэдыхьэкIэ-зэкIэлъыкIуэкIэм ехьэлIауэ аргуэру ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди планетэр нэхъапэхэми зыпэмыплъа зэрызехьэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэхуэгъат. Псалъэм папщIэ, лъэхъэнэ жыжьащэхэм дахэплъыжынщи, аддэ зэгуэр Дыгъэм къегъэщIылIа уафэщIхэм ящыщу Марсым ЩIым гъунэгъу зыкъыхуищIат, Меркурийр Венерэм бгъэдыхьэIуат, Нептунымрэ Уранымрэ, зэсэжа я орбитэхэм тещхьэрыукIри, Дыгъэм зэрызыбгъэдишэ и къарум (гравитацэм) хуэмыубыдыжу, хьэрш тпыIудзам ихьэжат (иужьым, зэман кIыхьыщэхэм къриубыдэу, зэрызызэщIашэм и фIыгъэкIэ, аргуэру зэгъунэгъу хъужа щхьэкIэ).

Ауэ щыхъукIи, радиоастрономхэми зэрыжаIэмкIэ, ди Дыгъэм къинэмыщI вагъуэ жьэражьэ къыщыпэблэгъэфыну зэманыр апхуэдизу жыжьащэу тпыIудзащи, дыщIэгузэвэн щыIэкъым. КъызыхэкIыр сыт жытIэмэ, вагъуэхэр я пIэ икIыу, зэхуэкIуэн хуей щыхъукIи, я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэр, уахэр зэрыщыту къэтщтэнщи, къыпхуэмылъытэн хуэдизу зэрыиныщэрщ. Къэдгъэлъагъуэмэ, вагъуэ нэхъ зэгъунэгъуитIым я зэхуакум, я нэхъ мащIэрауэ, километр меларди 160-м нэблагъэ дэлъщ.

Астрофизикхэм къызэрахутамкIэ, Дыгъэм и къэухьым зэгуэр, илъэс мин 70 ипэкIэ, пхыбзэщхъукIауэ щытащ «Шольц и вагъуэ» зыфIаща уафэщI жьэражьэр. Ар астрономхэм «плъыжь цIыкIужьей» жыхуаIэхэм халъытащ, къишэч и лъэныкъуэкIи Дыгъэм нэхърэ пщIыкIэ нэхъ мащIэт.

Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэнэIуамкIэ, Шольц и вагъуэм ипэкIи, ди Дыгъэм къыбгъэдыхьэпауэ щытащ «хужь цIыкIужьей» зыфIаща вагъуэхэм халъытэ къэщIыгъэу WD 0310–688 (HIP 14754) нагъыщэр зыхуагъэфэщари. Астрономхэм къызэрабжамкIэ, апхуэдэ къыщыхъуар илъэс мин 300 ипэкIэщ. АтIэми, щIэныгъэм и блэкIа жыжьэм дыхэплъэжмэ, илъэс мелуанитI нэблагъэм хьэршым и Iэшэлъашэу дыщыпсэум къыбгъэдыхьауэ щытащ зи хьэлъагъкIэ мыиныщэ вагъуэу 9.

Астрофизикхэм къызэралъытэмкIэ, къыкIэлъыкIуэ илъэс меларди 2-м къитIасэу иджыри вагъуитIыр, Hip 85605, Gliese 710 нагъыщэхэр зыхуагъэфэщахэр, ди Дыгъэм къедза уафэщIхэм къыбгъэдыхьэфынущ, гъунэгъу дыдэ къыхуэмыхъуми.

АтIэми, хьэрш тпыIудзам щыIэу гу зылъата къэщIыгъэ жьэражьэхэм ящыщу дыщыпсэум хуэгъэзауэ нэхъ шынагъуэ къэзыхьыфынкIэ хьуну къахутар США-м и Массачусетс штатым хыхьэ Кембридж къалэм дэт Астрофизикэмкiэ институтым и Гарвард-Смитсон центрым щылажьэхэм къапщыта ещанэ вагъуэу нейтрон зэщIэпщIыпщIэкIэм тетырщ. Къызэралъытэмкiэ, нэхум илъэс мин 20-м кърихубыдэу зэрызидз жыжьагъэм хуэдизкIэ тпэIэщIэ «сверхновая» вагъуэр илъэс мини 2 ипэкIэ къызэрымыкIуэу къыщыуэ-къыщызэщIэпщIыпщIэм мы нейтрон вагъуэм хуабжьагъэшхуэ иритри къызыбгъэдидзащ. Дызэрыт лъэхъэнэм ар дэ къытхуокIуэ километр мелуани 2,62-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур зы сыхьэтым ирилыпщIэкIыу.

Дызытепсэуыхь нейтрон вагъуэм и зэпрыупIэр километр 20 фIэкIа мыхъуми, и хьэлъагъыр дыщыпсэу планетэм ейм едгъапщэмэ, тонн мелуан ныкъуэкIэ нэхъыбэщ. Зэрызыбгъэдишэ и гравитациер зэрыабрагъуэм къыхэкIыу, гъунэгъу зыхуэхъу сытри гузэвэгъуэ иным зэрыхидзэр нэрылъагъущ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● УФСБ-м къет

## Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей МВД-м и ВОГОиП-м, Минеральные Воды таможнэм зэщIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бадзэуэгъуэм и 6-м щыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 1 пщIондэ щрагъэкIуэкIа профилактикэ лэжьыгъэм хыхьэу зэфIахащ хабзэм къемызэгъыу Iэщэхэмрэ наркотикхэмрэ игъэкIыным, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, апхуэдэуи шэч зыхуащIхэр къэлъыхъуэным ехьэлIа Iуэхухэр.**

ХАБЗЭМ ебэкъуауэ зэрахьэу къытрахащ ягъауэ Iэщэу 3, калибр зэмылIэужьыгъуэ зиIэ боеприпасу 66-рэ, наркотикхэкI килограмми 3,75-рэ, маркэхэр зытемылъ тутынхэкI зэрылъхэу 67-рэ, спирт зыхэту литр 700. Яубыдащ къэралым къыщалъыхъуэу цIыху 18, дуней псом къыщалъыхъуэу 7.

ИрагъэкIуэкIа рейдхэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и 222-нэ, 228-нэ, 234-нэ, 291.2 статьяхэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэм хуэдэхэмкIэ ягъэкъуаншэу.

## Сом мелуани 5

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэр гъэпцIагъэкIэ кредит къыIэрыхьэным зэрыпыщIар.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, абы банкым хъыбар нэцIхэр игъэхьри, сом мелуани 5 щIыхуэу къыIихащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

● КъБРи-м и прокуратурэм

## Къэпщытэныгъэ

**Прокурор къэпщытэныгъэм кърикIуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ сом мелуан 27-м щIигъу бюджет мылъку зэрадыгъуам къыхэкIыу.**

КъБР-м и Прохладнэ районым и прокуратурэм иригъэкIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэм елэжьхэм субсидиехэр щраткIэ бюджет хабзэр зэрагъэзащIэм теухуа къэпщытэныгъэ.

ЗэраубзыхуамкIэ, 2025 гъэм коммерческэ IэнатIэм и генеральнэ унафэщIым субсидие къыIэрыхьэн мурадкIэ, щIыналъэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ нэпцIхэр ирищIылIащ жыгыщIэхэр къегъэшэным тещIыхьауэ. Ауэ щыхъукIи, жыг хадэ гъэтIысын лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIакъым. КъыхуаутIыпща бюджет мылъкур IуэхущIапIэм и нэIэм щIэт IэнатIэхэм я счетымкIэ зыIэригъэхьащ.

Абы къыхэкIыу республикэ бюджетым сом мелуан 27,6-м щIигъу хэщIыныгъэ игъуэтащ.

Прокуратурэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуахэр зэрыт тхылъхэр следственнэ IэнатIэм Iэригъэхьащ. Абы хэплъэри, уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иту.

Ар зэрекIуэкIымрэ бюджет хэщIыныгъэр япшыныжынымрэ кIэлъыплъакIуэ ведомствэм и нэIэ тетщ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

● ХъыбaрегъащIэ

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ! Унэхэр зехьэнымкIэ фондым 2027 гъэм зыхуей хуагъэзэнухэм ятеухуауэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм хъыбарегъащIэ щызэбгритыкIащ. Абы ипкъ иткIэ ягъэзэщIэну лэжьыгъэ псори ди сайтым къыщывгъуэтынущ: https://kapremontkbr.ru/

Е мы телефонхэмкIэ фыщIэупщIэ хъунущ:
8 967 425-15-16
42-56-39
Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru
ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А

# Дунейм щыхъыбархэр

## IэщIагъэлI Iэзэхэм хуэныкъуэщ

**Урысеймрэ Китаймрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ я зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъу. 2025 гъэм кърикIуахэм ятепщIыхьмэ, къэралитIым зэрагъэкIуэкIа продукцэм процент 21-кIэ хэхъуащ. Мы гъэм и щIышылэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм ар хуэдищкIэ нэхъыбэ хъуащ. АдэкIи Урысейм и хэгъэгухэмрэ Китайм и щIыпIэ пхыдзахэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьыну я мурадщ.**

АПХУЭДЭУ, мэкъумэш щIэныгъэм хуэгъэпса проектхэр ягъэзэщIэнущ. Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм КНР-м щыщ студент 840-м щIигъу щоджэ. Ар нэгъабэ нэхърэ процент 75-кIэ нэхъыбэщ. 2030 гъэм ирихьэлIэу студентхэм я бжыгъэр мини 3-м нагъэсыну я мурадщ.

«Ди гъащIэм технологиещIэхэр, IэмалыщIэхэр жыджэру къыхыхьэми, ди унэтIыныгъэр зэи цIыхуншэу лэжьэфынукъым. Абы къыхэкIыу урысей мэкъумэш промышленнэ комплексым ехъулIэныгъэхэр иIэу зиужьынымкIэ къалэн нэхъыщхьэу къэувыр IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынырщ, цIыхухэм ядэлэжьэнырщ. Дэ дыхуейщ а технологиехэм ирилэжьэфынухэм, IэмалыщIэхэр къэзыгъэсэбэпыфынухэм, адэкIи абыхэм зезыгъэужьыфынухэм - щIэныгъэщIэрэ Iэзагъэрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэм», - жиIащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэ.

## Я къалэнхэм къыхохъуэ

**УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ язынықъуэ медицинэ лэжьакIуэхэм ирахьэкI хъуну IэнатIэхэм къыхигъэхъуэнущ.**

Медсестрахэмрэ фельдшерхэмрэ цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ IэнатIэхэм е медицинэ профилактикэмкIэ пэшхэм я унафэщI къалэнхэр ирахьэкIыфынущ. Апхуэдэу лабораторэ диагностикэмкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэтамэ, лаборант нэхъыщхьэм и къулыкъур иубыдыфынущ.

ДяпэкIэ фельдшер нэхъыщхьэр медсестрахэмрэ санитархэмрэ я лэжьыгъэр фIагъ иIэу къызэзыгъэпэщ IэнатIэм и унафэщIу ягъэув хъунущ. КъищынэмыщIауэ, цIыхухэм еIэзэнуи хуитыныгъэ яIэнущ.

**ШыщхьэуIум и 20, махуэку**

♦ **1919 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Хьэкъун Исуф**.
♦ **1921 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Ерчэн Казимэ**.
♦ **1972 гъэм** къалъхуащ хэхэс адыгэхэм я литературэр зыдж, ЩIДАА-м член-корреспондент, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Чурей Дыжьын**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

**ШыщхьэуIум и 21, *мэрем***

♦ **Терроризмэм и зэранкIэ хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Офицерым и махуэр**
♦ **1561 гъэм** Урысейм и пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).
♦ **1964 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэм я V съездыр екIуэкIащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 22-рэ: 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.
*Дыгъуасэ* - сабий 32-рэ: 18-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.
*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 458-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5595-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и щхьэм къохуэж.**

Зэхыхьэхэр



# ДэрэжэгъуэкIэ яхуоупсэ



**Iуащхьэмахуэ мы махуэхэм щекIуэкIа «Кавказ Фест» щэнхабзэ-нэгузыужь фестивалыр гъэщIэгъуэн икIи гукъинэж ящыхъуащ ди щIыналъэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ. Кавказ. РФ IуэхущIапIэм къыхилъхьа Iуэху дахэр ягъэзэщIащ КъБР-м и Правительствэр я дэIэпыкъуэгъуу. Гукъыдэж зиIэ псоми Iэмал яIащ пщIэншэу абы хэтыну.**

КОНЦЕРТЫМ и пэ къихуэу, зыгъэпсэхупIэм екIуэлIахэм папщIэ къызэгъэпэщакIуэхэм программэ щIэщыгъуэ ягъэхьэзыращ. Iуэхум хаухуэнат щэнхабзэр, спортыр, узыншагъэр хъумэныр, шхыныгъуэхэм я IэфIагъыр зэгъэщIэныр.

Iуэхум и программэм хыхьэу, Кавказым ибгхэр IупщIу щыплъагъу «Мир» станцым деж махуэр йогэкIэ щрагъэжьащ. Туристхэмрэ ди щIыпIэм зыщызыгъэпсэху хьэщIэхэмрэ «ТекIуэныгъэм и лъагъуэ» маршрутым тету зрагъэплъыхьащ, УФ-м и альпинистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, альпинист цIэрыIуэ, дуней псом щынэхъ лъагэу къалъытэ къурш 14-м пIалъэ кIэщIым къриубыдэу дэкIа Пекъу Алинэ я пашэу. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ ар иджыблагъэ къызэрагъэпэщащ «Национальная Кавказская тропа: от моря до моря» Iуэхум хыхьэу.

Iуащхьэмахуэ бгы-лыжэ курортым и Азау зыгъэпсэхупIэм лъэпкъ джэгухэр щекIуэкIащ, шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэм, къафэм теухуа мастер-классхэр щатащ, художник ДыщэкI Мурат сурэт щIынымкIэ иригъэкIуэкIа «Эльбрус на холсте» дерсри хыхьэу.

КъищынэмыщIауэ, «Развитие территорий через культуру, спорт и туризм» зэIущIэм хыхьэу, хьэрычэтыщIэхэм, спортсменхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм зыхуагъэзащ. Махуэ псом лъэпкъ шхыныгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, макъамэхэм ирагъэдэIуащ.

«Кавказ Фест» фестивалым и зы утыкур щекIуэкIащ метр 3.500-рэ зи лъагапIэ «Мир» станцым. Абдеж хьэщIэхэр художник Iэзэхэр я дэIэпыкъуэгъуу я зэфIэкI щеплъыжащ бгым и дахагъэр къызэрыщ сурэтхэр щIыным. ЛIыхъужь нэхъыщхьэр Iуащхьэмахуэт. Сюжетыр щхьэж и нэгу къызэрыщIыхьэм хуэдэу къигъэлъэгъуащ: хэти лъагапIэр дыгъэ къыкъуэкIыгъуэм ирихьэлIэу, хэти бгым пщэдджыжь пшэплъыр къыщхьэщыту. Сурэт ящIын папщIэ зыхуеину псомкIи ахэр къызэрагъэпэщащ. АдэкIэ бгыр я нэгу къызэрыщIыхьэм хуэдэу къагъэлъэгъуащ. Мы Iуэхум хэтахэр сыхьэтитIым щIигъукIэ лэжьащ. Сурэт щIыныр и кIэм щынагъэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэм, творчествэм, спортым хэлъхьэныгъэхэр хуащIу зэрызрагъэужьыфынум, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ хъумэн зэрыхуейм, литературэм и щытыкIэм тепсэлъыхьащ. Дэтхэнэми и лэжьыгъэр къыздищтэжащ.

Сурэт щIыным дихьэххэр я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмкIэ зэдэгуэшэху, Азау зыгъэпсэхупIэм концертым зыщыхуагъэхьэзыращ. Щэнхабзэ махуэшхуэм хыхьэу бгыщхьэм концерт гукъинэж щатащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я артист нэхъыфIхэм. Япэу утыкур хуит хуащIащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Текуев Амур. Абы игъэзэщIахэм ящыщщ куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Эльбрус-красавец» уэрэдри. Фестивалым зэхуишэсахэр къыдэфащ икIи дежьууащ Жаникаев Эльдар, Хъыжьрокъуэ СультIан, Апэнэс Астемыр, нэгъуэщIхэми ягъэзэщIа уэрэдхэм. Зэхыхьэр нэхъри игъэдэхащ абы ирагъэблэгъа, цIыху мелуанхэм фIыуэ ялъэгъуа ди хэкуэгъу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Билан Димэ. Концертым сыхьэт зыбжанэкIэ и пэ къихуэу, Азау зыгъэпсэхупIэм щыIун щIидзат Билан и уэрэдхэр. Артистым и лэжьыгъэхэр зыфIэфI цIыху мин бжыгъэхэр абы щызэхуэсат къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIри. Концертым кIуахэр абы и дэтхэнэ уэрэдми IэгуауэшхуэкIэ IущIащ.

«Кавказ Фест» щэнхабзэ зэхыхьэ гуапэр икIи щхьэпэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхузощI. Фестивалым хэта хьэщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри къытрагъэзэжыну зэрыхущIэкъунум шэч хэлъкъым», - щитхащ КъБР- и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Макс-м щиIэ напэкIуэцIым.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, тхакIуэ, усакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ, ресторатор, «Дудукуш», «Ридадэ» шхапIэхэр зей ЛампIэжь Каринэ, фэилъхьэгъуэхэмкIэ дизайнер, «Хьэцыбанэ» брендыр къызэзыгъэпэща, «Вершина-2026» урысейпсо саугъэтыр къызыхуагъэфэща Щоджэн ФатIимэ, режиссёр, «Артист» IуэхущIапIэр къызэIузыха икIи абы и продюсер, «Черкес ФМ» радиом и унафэщI, «Кавказ Фест» макъамэ фестивалыр къызэзыгъэпэща, гъуазджэхэмкIэ «Славянский базар в Витебске» фестивалым и продюсерхэм ящыщ Хьэцей Тимур, хьэрычэтыщIэ, «Семь вершин» турист клубыр къызэIузыха икIи абы и унафэщI Хучинаевэ Алия, нэгъуэщIхэри.

КъызэщIэпкъуэжмэ, фестивалым цIыху мини 8-м щIигъу зэхуишэсащ. Концертым и мызакъуэу, зэхуэсахэм Iуащхьэмахуэ ялъэгъуауэ, я нэгу зрагъэужьауэ зэбгрыкIыжащ.

**БЖЬЫХЬЭ Розэ.**

# Зи хъуэпсапIэхэр зэзыгъэхъулIэф

**КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ пажэ, абы и утыкур илъэс 30-м щIигъуауэ зыгъэбжьыфIэ Тхьэщыгъуей Жаннэ Назир и пхъум игъэлъэпIащ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар.**





«Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым щоджэгу Шыбзыхъуэ Басиррэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ.

ТХЬЭЩЫГЪУЕЙ Жаннэ 1966 гъэм шыщхьэуIум и 14-м къалъхуащ. Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэ нэхъыщхьэм актёр IэзагъэмкIэ и факультетыр 1988 гъэм къиухащ.

Жаннэ и адэ шыпхъум и къуэ Фырэ Руслан Москва щеджэу, я художественнэ унафэщI Калиновский Леонидрэ абы и щхьэгъусэмрэ Налшык зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуат. ШколакIуэ хъыджэбз цIыкIур къафэу, уэрэд жиIэу абыхэм къыщалъагъум, хэлъ зэфIэкI гуэрым гу лъатагъэнти, курыт еджапIэр къызэриухыу Москва актёр IэщIагъэм щыхуеджэну кIуэну чэнджэщ кърататат. АрщхьэкIэ хъыджэбзыр абы кууэ егупсысакъым, IэщIэхужари зыхуэIуа щымыIэу. Школ нэужьым илъэс ныкъуэкIэ лэжьауэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэм ягъэкIуэну адыгэ студие къыхахырти яхыхьащ, илъэсиплIкIи абы щеджащ. ЕхъулIэныгъэкIэ къиухыу 1988 гъэм къызэрагъэзэжрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щолажьэ. КъыжыIапхъэщ, Москва къанэу Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым, режиссёр нэхъыщхьэ Симоновым и унафэм щIэту Жаннэ щылэжьэну къыхуагъэлъэгъуауэ зэрыщытар. Адыгэгурэ адыгэпсэрэ зиIэ Тхьэщыгъуейм щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжу театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуищIыныр къыхихащ.

Жаннэ сыт хуэдэ роль къыхуагъэфащэми, ар комедие е драмэ ирехъуи, и артист Iэзагъэр зыхуэдэр нэсу къызэIуех. Къалэн къыщащIа ролыр игу иримыхьми, хьэуэ къыхимыгъэкIыу мэджэгу, ар нэхъыфIу зэригъэлъэгъуэным, театреплъым игу зэрыдыхьэным хущIэкъуу. Артисткэм къызэрилъытэмкIэ, утыкум укъыщихьэкIэ псори зыщыбгъэгъупщэу, образым уихьэн хуейуэ аращ. Абы и щыхьэтщ театреплъхэм ар фIыуэ къызэралъэгъуамрэ Iэгуауэшхуэхэр зэрыхуаIэтымрэ. ЖыпIэнурамэ, щыджэгуну спектаклым къыщыхуагъэфэща ролыр зыхуэдэр къыщищIам щыщIэдзауэ театрым и репертуарым хыхьэу пьесэр утыкум щагъэлъэгъуэху жэуаплыныгъэ пылъу абы йолэжь. Къапщтэмэ, Жаннэ Башбеков Шараф и «Железная женщина» спектаклым илъэс 18-кIэ щыджэгуащ икIи апхуэдиз дыдэкIэ а ролым елэжьащ, иригъэфIакIуэу. Жаннэ иджыри щеджэм Уильямс Теннесси и «Трамвай «Желание» спектаклым Бланш и ролыр щигъэзэщIэну и хъуэпсапIэт. Ди театрым Дэбагъуэ Роман ар щигъэуващ икIи роль нэхъыщхьэр кърити щигъэзэщIащ. Апхуэдэу и хъуэпсапIэр нахуапIэ хъуащ.

Жаннэ нэхъ къехъулIауэ къалъытэ и лэжьыгъэхэм ящыщщ Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым щигъэзэщIа ролыр. Ар икIи гурыIуэгъуэщ, сыту жыпIэмэ, а спектаклым зэрыхэтынур къызэрищIэу, Гуащэней теухуауэ интернетымкIи тхылъхэмкIи тхыгъэ куэд иджащ. Язынықъуэ тхыгъэхэм ар цIыхубз псынщIэу, щхьэзыфIэфIу къыхощыж. Абы хужаIэ псоми Тхьэщыгъуейр арэзы техъуэртэкъым, адыгэ хабзэр, нэмысыр а зэманым ткIийуэ зэраIыгъыу щытар къилъытэрти. Псом хуэмыдэу абы щыгъуэ щапхъэу къалъытэрт пщым и пхъур. Жаннэ лэжьыгъэм еплъхэм я деж зэрынихьэсыным хущIэкъуащ Гуащэней адыгэ цIыхубз нэсу, хьэлщэныфIэу, щхьэгъусэфIу, унэгуащэ Iущу зэрыщытар. ТхакIуэм тхыгъэм къыщигъэлъэгъуа гупсысэ нэхъыщхьэр нэхъыбэу зрипхар Грозный Иванрэ и блыгущIэтхэмрэщ. Пащтыхь гуащэм и ролыр апхуэдэу зэIухауэ къэгъэлъэгъуа мыхъуами, Жаннэ щIэхъуэпсырт Гуащэней и образымкIэ и хэкуэгъухэм, и дэлъхухэм яхуиIа зэхущытыкIэхэр нэхъ кууэ къигъэлъэгъуэну. Дауэ хъуми, артисткэ пажэм и ролыр гум дыхьэу, псэм нэсу къехъулIащ. Абы и щыхьэтщ а ролым папщIэ артисткэм «За создание национального характера» саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщар.

Куэдым гукъинэж ящыхъуащ «КъанщобиийрэГуащэгъагърэ», «Одинокий журавль», «Вы хотите развестись с женой?», «Железная женщина», «Громовый гул», «Дамэлей», «Трамвай «Желание», нэгъуэщI спектаклхэм Жаннэ щигъэзэщIа ролхэр. Ар щыджэгуащ 2002 гъэм совет, урыс кинорежиссёр Балабанов Алексей и «Война» фильмым.

Тхьэщыгъуейр фIыуэ щыгъуазэщ зыпэрыт IэнатIэм ифIми и Iейми. Артистхэм я жагъуэ хъур я IэщIагъэм хуэфащэн мыхьэнэ зэрырамытырщ, пщIэрэ гулъытэрэ зэрамыгъуэтырщ. Дауи, зи гуи зи пси етауэ зи лэжьыгъэр зыгъэзащIэ дэтхэнэри абы хущIокъу. А псор зыхуэгъэзэжари цIыхухэращ. ДяпэкIи и мурадщ къызыхуигъэщIа IэнатIэм хэлъхьэныгъэ хуищIыну, театр гъуазджэм зригъэужьыну.

Тхьэщыгъуей Жаннэ фIыуэ къэзылъагъу театреплъхэр игъэгуфIэу, узыншагъэ иIэу илъэс куэдкIэ театр утыкур игъэбжьыфIэну ди гуапэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Бжьыхьэ Алим и зэфIэкI



**Спорт ехъулIэныгъэ лъагэхэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ Iэзэу зэдэзыхь студентхэр и мащIэкъым КъБКъУ-м. Апхуэдэ гуащIафIэхэм я щапхъэ наIуэщ ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ институтым Физическэ щэнхабзэмрэ физическэ Iэзагъымрэ щыхуагъэхьэзыр къудамэм и аспирантурэм и япэ курсым щеджэ Бжьыхьэ Алим.**

АЛИМ куэд щIауэ дехьэх спортым икIи ерыщу зегъасэ: илъэсипщIым щIигъукIэ - бэнэкIэ хуитым, илъэсиплIкIэ псы есыным пэрытащ.

«Спортым сыхэзышар си адэращ. Сызыхэдэн унэтIыныгъэ куэд щыIакъым абы щыгъуэм. Ауэ хуэмхуэмурэ сыдихьэхри, сызыхуейр, нэхъ сфIэгъэщIэгъуэныр къыхэсхащ, икIи зэи сыхущIегъуэжакъым», - игу къегъэкIыж Алим.

Иджыпсту спортыр Алим дежкIэ гъащIэ псо мэхъу жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ерыщу зыщигъэса илъэсхэм Бжьыхьэм республикэ, щIыналъэ, урысейпсо утыкухэм мызэ-мытIэу бжьыпэр щиубыдащ, ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьащ, нэхъыщхьэрати, спорт хьэл-щэн быдэ зыхилъхьащ.

НобэкIэ зэхьэзэхуэхэм хэтыжкъым щIалэр, иджыри къэс зригъэгъуэта Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ щIэныгъэм хуеунэтI. Абы и диссертацэ къэхутэныгъэр илъэс куэдкIэ зыпэрыта Iуэхум триухуащ. ГъэщIэгъуэнращи, а къэхутэныгъэм щызэпыщIащ спорт Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ педагогикэ щIэныгъэмрэ, тренажёр Iэмэпсымэ хэхахэр къагъэсэбэпу бэнакIуэхэр гъэхьэзырыным инновацэ бгъэдыхьэкIэ къыхуегъуэт. Алим и щIэныгъэ унафэщIыр педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ИППиФСО-м и доцент Шэрджэс Тимурщ.

Бжьыхьэ Алим и къекIуэкIыкIам наIуэ къищIыр зыщ - Къэбэрдей-Балъэкъэр къэрал университетым щеджэ спортсменхэм я акъыл зэфIэкIыр гъащIэм щыхапщэф, спорт зэфIэкIыр мыхьэнэшхуэ зиIэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм лъабжьэ щыхуащIыф.

*Тхыгъэри сурэтри* **ШЭРIУЖЬ Даянэ** *ейщ.*

# Зэхьэрхуэрэгъухэр зэпэщIокIуэт

Футбол

**Мыгъэрей зэхьэзэхуэм дыщэм щыщIэбэн «Логоваз»-мрэ «Тэрчымрэ» Къэщкъэтау зэрыщызэтемыгъэкIуауэ (2:2-уэ) иджыблагъэ щызэбгъэдэкIыжам гурыIуэгъуэ хъуат бабугентдэсхэр джылахъстэнейхэм къапикIуэту зэрыхуежьар. Я очко бжыгъэр абы щыгъуэм зэкIэ зэхуэдизми, топ дагъэкIахэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытымкIэ «Тэрчыр» хэпщIыкIыу нэхъыфIт. Тхьэмахуэ кIуам зэхэта зэIущIэхэм а зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъыбэж ищIащ.**

ЯПЭЩIЫКIЭ Бабугент и «Логоваз»-м очкоитI фIэкIуэдащ. Ар и стадионым щыпэлъэщакъым ещанэ увыпIэм хуэпабгъэ Ислъэмей къуажэм икIахэм. КъыкIэлъыкIуэу «Тэрчым», мыджэгухауэ, текIуэныгъэ зэрыхуатхам теухуа хъыбар къэIуащ. Ар Аргудан щыIущIэн хуеят щIыпIэ «Бедик»-ми, я хьэрхуэрэгъухэр къекIуэлIакъым.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм щытынухэри хэтми хуэм-хуэмурэ зэхокI. АбыкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Псыкуэд щыIа зэIущIэм. Хэгъэрейхэм кърагъэблэгъа щхьэлыкъуэдэсхэм я гъуэм топитху дагъэкIащ. Езыхэри Iыхьэншэ хъуакъым, ауэ, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэри, я лъэр нэхъ ягъэбыдащ.

Иужь лъэхъэнэм зыкъэзыужьыжа Шэджэм и «Черкес»-ри хуабжьу щыныкъуэкъуащ Урыху къуажэм. Абы и фIыгъэкIэ икъукIэ къыхуэщхьэпэну зы очко зыIэригъэхьащ.

Яныкъуей щыIэу хэгъэрейхэм топищ яхудэзыгъэкIа «Малка»-м и пашэ Умар Азэмэт гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыIыгъа Мокаев Таулан лъэщIыхьэжащ. Ахэр мы гъэм къызэрыхэжаныкIар иджы дэтхэнэми 21-м нигъэсащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм къриIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **5**:**3**, «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Малка**» (Малкэ) - **1**:**4**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **3**:**3**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**3** (мыджэгуауэ), «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2**:**2**.

«Искра» (Алътуд) - «Спартак-Д» (Налшык) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *шыщхьэуIум и 22-м* - «Черкес» -«Яникой-1961», «Спартак-Д» - «Логоваз», «Тэрч» - «Урыху»; *шыщхьэуIум и 23-м* - «Малка» - «Искра», «Ислъэмей» - «Псыкуэд-Марвил», «Бедик» - «7 Вершин-Шалушка» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Тэрч»** | **17** | **15** | **1** | **1** | **85-11** | **46** |
| **2. «Логоваз»** | **17** | **14** | **2** | **1** | **56-19** | **44** |
| **3. «Малка»** | **17** | **13** | **0** | **4** | **50-22** | **39** |
| 4. «Ислъэмей» | 17 | 11 | 2 | 4 | 57-22 | 35 |
| 5. «Спартак-Д» | 16 | 10 | 1 | 5 | 47-26 | 31 |
| 6. «Урыху» | 17 | 8 | 2 | 7 | 46-36 | 26 |
| 7. «Искра» | 15 | 6 | 0 | 9 | 47-45 | 18 |
| 8. «Яникой-1961» | 17 | 5 | 1 | 11 | 29-80 | 16 |
| 9. «Псыкуэд-Марвил» | 17 | 3 | 3 | 11 | 32-70 | 12 |
| 10. «Черкес» | 17 | 3 | 2 | 12 | 24-63 | 11 |
| **11. «Бедик»** | **16** | **2** | **1** | **13** | **23-58** | **7** |
| **12. «7 Вершин-Шалушка»** | **17** | **1** | **3** | **13** | **30-74** | **6** |

# Сэлим зэкIэ етIуанэщ

**Словакием и къалащхьэ Братиславэ щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом пашэныгъэр къыщызыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэхэр. Абыхэм щызэпеуащ къэрал куэдым я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 200-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 20-м щхьэдэмыхахэу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и щIыхьыр яIэту зэхьэзэхуэм щIалиплI щыIащ - щыр бэнэкIэ хуитымкIэ, зыр алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэпеуэхэм. Абыхэм ящыщу Къазмыхь Сэлим етIуанэ увыпIэр къихьащ. Финалым ди щIалэр къыщыхигъэщIащ Узбекистаным и бэнакIуэ Исмоилов Кувончбек, зэIущIэм и бжыгъэр 9:7-уэ. Ди бэнакIуэм кIэух зэпеуэр къыхуэхьыну щытащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, пэщIэдзэ дакъикъэхэр и хьэрхуэрэгъум иритри, икIэм ар зэригъэзэкIуэжын зэман къыхуэнэжакъым.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Къазмыхьым езы зэхьэзэхуэр хьарзынэу иригъэжьат. Япэ щIыкIэ абы хигъэщIащ Германием и спортсмен Демир Тимур, бжыгъэр 8:0-у. АдэкIэ IущIащ Къыргъызым икIа Норматов Сирожидин икIи 5:3-уэ абыи текIуащ.

Финалым и Iыхьэ ныкъуэм Ираным щыщ бэнакIуэ Гариби Али Мехрали (ди щIалэм къызэрытекIуэн Iэмал гуэри къыхуэгъуэтакъым икIи зэIущIэм и бжыгъэр 4:1-уэ Къазмыхьым ар ихьащ.

ЩIалэм и тренерыр Нэгъуей Азэмэтщ.

**МЭРШЭН Батыр.**



Къазмыхь Сэлим (*сэмэгумкIэ япэу щытырщ*) и ныбжьэгъухэм яхэту.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариannэ**, **Щхьэщэмыщ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.091
Заказыр №1767
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхъIыкI Марие** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.